



Pou Piblikasyon Imedya: 21/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON 24 MILYON DOLA
DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB LA NAN SENECA FALLS**

***Reyitilizasyon adaptif bilding istorik yo pral kreye 53 kay abòdab ki gen enèji
efikas, enkli 27 kay ki gen sèvis sipò pou ansyen veteran ki sanzabri yo***

***Pwojè a te resevwa 800,000 dola nan finansman atravè inisyatif Revitalizasyon
Anba Lavil la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon Huntington Apartments, yon re-ityilizasyon adaptif Huntington Building k ap koute 24 milyon dola ki date depi epòk 19èm syèk la nan Seneca Falls. Lè devlopman an fini, li pral genyen 53 apatman abòdab nan yon bilding ki efikas an enèji, ki gen ladan 27 ak sèvis sipò pou veteran ki bezwen lojman.

"Huntington Apartments pral bay plizyè douzèn fanmi ak veteran yon nouvo avni pandan y ap prezève yon pati nan istwa Seneca Falls la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pran angajman pou li pwofite potansyèl byen kominotè yo tankou Huntington Building pou ranfòse rezèv lojman pou fanmi yo, ogmante kalite lavi, epi kreye kominote dinamik, abòdab ke tout Nouyòkè yo merite."

Sitiye nan kwen Fall Street ak Pon Memoryal Veteran (Veteran's Memorial Bridge) an, Huntington Apartments ap devlope pa Home Leasing epi yo pral itilize bilding istorik twa etaj ki egziste deja, rebati katriyèm etaj ki te deja demoli a, pandan y ap enkòpore yon ogmantasyon nan bò lwès bilding lan. Devlopman ki fini an pral gen ladan senk apatman estidyò, 45 apatman ki gen yon chanm, ak twa apatman ki gen de chanm, ak yon inite yo mete apa pou sipè-entandan bilding lan. Pral genyen 31 apatman yo ap nan pri ki abòdab pou fwaye k ap touche 50 pousan oswa mwens pase Revni Mwayen Rejyonal la (Area Median Income, AMI), epi 21 apatman ki rete yo ap nan pri ki abòdab pou moun ki a 60 pousan oswa mwens AMI la.

Sèvis sipò ak sibvansyon pou lokasyon pou 27 apatman yo pral bay pa Eagle Star Housing epi yo finanse atravè Inisyatif Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative) la epi se Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la k ap administre li.

Sèvis yo bay yo enkli jesyon ka, sèvis transpò, koneksyon ak abi dwòg, ak sèvis medikal ak sante mantal.

Huntington Apartments pral satisfè pwogram EPA Energy Star Certified Homes V3.1 ak estanda Konpayi Kominote Vèt (Enterprise Green Communities) 2020yo. Tout apatman yo pral sèvi ak aparèy Energy Star ak klimatizasyon santral.

Anons jodi a konplete [Kontra Lojman](#) Gouvènè Hochul la, yon estrateji ki gen plizyè aspè ki fèt pou adrese mank lojman istorik New York la nan konstwi 800,000 nouvo kay pandan pwochen deseni a. Kontra Lojman an pral ankouraje kwasans nan retire obstak pou pwodiksyon lojman, ankouraje nouvo konstriksyon, ak fikse objektif lojman lokal atravè chak kominote. Kontra Lojman New York la fè swivi a lansman plan lojman global 25 milya dola Gouvènè a ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 avèk sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Redevlopman Huntington Apartments fè pati Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Seneca Falls la. Yo te seleksyone vil la kòm Gayan Katriyèm Faz pri 10 milyon dola DRI nan rejyon Finger Lakes la. DRI sèvi kòm yon eleman nan politik devlopman ekonomik Eta a nan transfòmasyon katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman.

Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te investi Kredi Enpo federal ak eta a sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ak nan Huntington Apartments ki pral jenere 12.1 milyon dola nan fon pwòp, ansanm ak 3.7 milyon dola nan sibvansyon. Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta New York te bay 7.1 milyon kredi enpo istorik eta a. Depatman Deta (Department of State, DOS) Eta New York te founi 800,000 milyon dola nan kad DRI a, epi Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSEDA) te founi 51,800 dola atravè pwogram Nouvo Konstwiksyon pou Plizyè Fanmi an (Multi-Family New Construction) an. Kòporasyon Konsèvasyon Kominote (Community Preservation Corporation, CPC), yon konpayi finans san bi likratif pou plizyè fanmi, ap bay yon prè pèmanan 475,000 dola ki gen asirans SONYMA pou sipòte pwojè a.

Pandan senk ane pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la te investi plis pase 20 milya dola nan Konte Seneca pou kreye oswa prezève plis pase 200 apatman abòdab.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Re-itylizasyon adaptif Huntington Building pral prezève yon estrikti remakab 19èm syèk ki te yon prezans nan kominote a pandan anpil jenerasyon, pandan y ap kreye apatman abòdab pou 53 fwaye, ki gen ladan 27 kay ki gen sèvis sipò pou veteran yo. Devlopman ki oryante sou kominote sa a se yon egzanp angajman Gouvènè Hochul pou satisfè

bezwen pou gen kay abòdab atravè New York. Nou remèsye Home Leasing ak patnè nou yo pou travay yo pou atenn etap enpòtan sa a."

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Pwojè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi sa a se egzanp pafè sou fason bilding istorik yo ka reyadapte pou satisfè bezwen k ap chanje nan yon kominote. Nou konnen ke envesti nan lojman abòdab ede kominote anba lavi nou yo pwospere, epi yon fwa li fini, Huntington Apartments pral bay rezidan Seneca Falls yo bon jan kalite lojman abòdab ki efikas an enèji epi li pral ede transfòme vil la an yon destinasyon prensipal pou Nouyòkè ki gen tout revni ak tout orijin pou yo rele li lakay ou. Eleman efikasite enèji a enpòtan anpil nan moman Eta a ap dirije nasyon an nan batay kont chanjman klimatik la epi Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la sipòte pwojè ki bon pou klima yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi Gouvènè a ak kolaborasyon konstriktif annt plizyè ajans, sant vil atravè Eta New York yo ap vin toutbon sant konekte k ap pwospere ak kè kominote yo. Transfòme bèl bilding istorik sa a an lojman abòdab pral ede fè Seneca Falls avanse pi pre vizyon li pou yon anba lavi kote moun vle viv, travay ak jwe."

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York konsantre sou ogmante anpil rezèv lojman sipò ak abòdab li a atravè eta a. Huntington Apartments pral ofri lojman sipò pou veteran ki fè eksperyans sanzabri, sa ki pèmèt yo gen yon kote ki an sekirite, abòdab pou yo viv kote yo kapab jwenn aksè fasilman ak sèvis yo epi rete yon kote ki estab."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Pwojè Huntington Apartments lan pral bay rezidan Konte Seneca yo aksè ak nouvo lojman abòdab ki montre wòl enpòtan bilding istorik yo ka jwe nan tranzisyon enèji pwòp la. Lè li enkòpore aparèy ki efikas an enèji ak ekipman ak materyèl ki gen gwo pèfòmans, pwojè sa a pral bay espas pou yo viv konfòtab epi ki favorab sou plan klimatik ansanm ak sèvis enpòtan pou Nouyòkè vilnerab yo."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Chak rezidan Seneca Falls merite aksè ak yon lojman ki an sekirite ak abòdab, epi mwen fyè dèske Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba ke mwen te goumen anpil pou mwen elaji a, te bay plizyè milyon dola ki nesèsè pou kòmanse konstwi plizyè douzèn nouvo kay abòdab ki efikas an enèji pou veteran nou yo. Veteran nou yo te sèvi peyi nou an epi an retou nou dwe sèvi yo. Sa pral ede asire veteran yo nan Finger Lakes gen aksè ak kay abòdab yo bezwen ak merite yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li avanse sou lojman abòdab, epi mwen pral kontinye goumen pou jwenn chak dola sipò federal ki nesèsè pou ede kominote veteran nou yo atravè Finger Lakes."

Senatè Eta a, Tom O'Mara, te deklare, "Envestisman eta a nan lojman ki abòdab epi ki bay sipò nan kominote nou yo, enkli pou veteran ki nan bezwen yo, kontinye ranfòse

estrikte katye yo ak kalite lavi pou lokatè ak rezidan yo nan kominote yo atravè rejyon an ak eta sa a. Huntington Apartments se yon angajman enpòtan ki pral bay lojman abòdab ak benefis enpòtan akoutèm ak alontèm pou kontinye revitalize ak ranfòse kominote Seneca Falls la."

Manm Asanble Jeff Gallahan te deklare, "Sa a se yon investisman enteresan alavni Seneca Falls. Anba lavil yo se kè kominote nou yo, epi redevlopman Huntington Building pral ede sipòte kwasans ak siksè kontinyèl anba lavil nou an. HCR kontinye jwe yon wòl enpòtan nan fasilite kwasans ekonomik atravè devlopman lojman ki an sekirite ak abòdab atravè rejyon nou an."

Sipèvizè Vil Seneca Falls la, Michael Ferrara, te deklare, "Nan non Konsèy Vil la ak sitwayen Seneca Falls yo, nou kontan anpil sou pwojè sa a. Nou vle akeyi Home Leasing nan kominote nou an epi nou pa ka tann septanm 2024 lè nouvo lojman abòdab ki efikas an enèji yo pral disponib pou kominote nou an ak veteran nou yo. Mwen ta renmen remèsye fanmi Koch tou pou pasyans yo ak plizyè deseni sèvis nan Seneca Falls."

Direktè Egzekitif Jeneral Home Leasing lan, Bret Garwood, te deklare, "Home Leasing fyè pou l ede prezève bilding Huntington epi pote lojman abòdab ki nesèsè anpil nan Seneca Falls. Nou rekonesan pou tout patnè nou yo ak kominote a dèske yo travay ansanm pou sove bilding istorik enpòtan sa a."

Miriam Zinter, Vis Prezidan ak Responsab Ipotèk nan Community Preservation Corporation, te deklare, "Yon kote ki abòdab, ki bay sipò pou yo rele lakay yo kapab youn nan chemen ki pi efikas pou ede ramne estabilite ak opòtinite nan lavi moun yo. Huntington Apartments se yon temwanyaj sou misyon CPC pou investi nan pwojè ki bay nouvo lavi nan bilding istorik nou yo, transfòme yo an resous ki pral sèvi bezwen lojman inik nan kominote nou yo pou ane k ap vini yo. Remèsiman mwen pou patnè ki dire depi lontan Home Leasing, pou tout patnè eta nou yo, ak Gouvènè Hochul pou devouman li pou fè New York vin pi abòdab ak ekitab pou tout moun."

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou investi nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)